

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil cipta manusa ngaliwatan tulisan. Tujuan pangarang nulis nyaéta pikeun ngahontal kaéndahan. Lian ti éta aya unsur éstétikana, karya sastra ogé miboga amanat keur nu maca. Kécap sastra asalna tina basa Sansekerta, tina kecap *śas* hartina méré pituduh, ngajar atawa instruksi, jeung ahirna *-tra* hartina alat atawa sarana (Koswara, 2013, kc. 3). Sastra atawa basa Inggrisna *literature*, asalna tina basa Latin *litteratura*, sabenerna kecap *litteratura* diciptakeun pikeun narjamahkeun tina basa Yunani *grammatik*; *litteratura* jeung *grammatika* asalna tina kecap *littera* jeung *gramma* anu hartina ‘huruf (tulisan atawa *letter*). Dumasar asalna kecap *litteratura* dipaké pikeun tata basa jeung sajak (Teeuw, 2017, kc.20).

Dumasar wangunna karya sastra dibagi jadi tilu nyaéta prosa (lancaran), puisi jeung drama. Salahsahiji karya sastra dina wangun prosa nyaéta novél. Abrams (dina Nurgiyantoro 2002 kc. 55) netelakeun novél asalna tina basa Itali *novella* (dina basa Jerman: *novelle*). *Novella* atawa *novelle* sarua jeung *noveau* (basa Indonesia) hartina karya prosa fiksi anu miboga panjang nu tangtu, henteu panjang ogé henteu pondok. Karya sastra anu disebut *novelle* nyaéta karya sastra anu leuwih pondok tina novél tapi henteu leuwih panjang ti *carpon*, atawa bisa disebut diantara *novelle* jeung novél.

Salahsahiji novél anu medal di tatar Sunda taun 2007 nyaéta *Ochank* karya Tatang Sumarsono diterbitkeun PT. Kiblat Buku Utama. Dina novél *Ochank* dicaritakeun aya budak nu ngaranna Ochank umur dua welas taun anu resep ngarang, Ochank boga pangalaman anu ahéng sabab Ochank bisa asup ka alam siluman lantaran Ochank nulungan oray bedul. Dina ieu novél dicaritakeun kumaha lalampahan Ochank nalika ka alam siluman kunaon sabab Ochank diajak ka alam siluman, jeung saha anu ku Ochank tulungan. Novél *Ochank* ngagambarkeun kumaha kaayaan alam harita anu diruksak ku manusa di lemburna Ochank tatangkalan ditaluaran, kebon jadi lapangan, kompléks-kompléks anyar anu ngadeg, jeung pabrik anu nyedot cai di sabudeureun imah warga. Salian pikeun hiburan novél *Ochank* bisa dijadikeun eunteung pikeun anu maca sabab aya ajén-inajén anu nyampak dina novél ieu. Sabab dirasa miboga ajén jeung amanat anu aya

mangpaatna upama dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca pikeun pangajaran maca kelas IX SMP. Pikeun nyangkem ma'na jeung amanat anu ditepikeun ku pangarangna, pamaca kudu ngaliwatan prosés pamahaman kana éta karya. Nurutkeun Abrams (dina Teeuw, 2017, kc. 94) aya opat pamarekan pikeun maham kana éta karya sastra nyaéta pamarekan objéktif, éksprésif, pragmatik jeung mimétik. Salah sahiji pamarekan objéktif nyaéta Strukturalisme.

Strukturalisme numutkeun Hawkes dina Pradopo (2003, Kc.75) prinsipna nyaéta struktur karya sastra anu diwangun ku unsur-unsur nu raket patalina jeung unsur nu lianna, jeung miboga ma'na antara unsur-unsur. Pamarekana nyaéta Struktural, miboga tujuan pikeun ngaguar sacara *detail* hiji karya sastra tur maluruh karya sastra ku cara ngumpulkeun data, jeung maluruh hubungan antar unsur dina karya sastra. Salah sahiji tiori struktural nyaéta tiori ti Robert Stanton. Ieu analisis baris di larapkeun dina novél *Ochank* karya, tiori ti Robert Stanton ngwengku tilu hal nyaéta (1) téma, (2) fakta carita, (3) sarana carita.

Salian pamarekan Struktural novél ieu baris di larapkeun ku pamarekan fungsi sosial sastra. Analisis anu baris dilarapkeun nyaéta tiori ti Ian Watt, sosiologi sastra dibagi jadi tilu nyaéta (1) konteks sosial pangarang, (2) sastra minangka eunteung masarakat, (3) fungsi sosial sastra. Analisis anu baris dilarapkeun nyaéta fungsi sosial sastra.

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung sosiologi sastra kungsi dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi (S1) diantaranya: “*Kajian Sosiologi Sastra kana Novél Carios Agan Permas karya Jeohana*” ku Amelia Fauziah taun 2008 anu medar sosiologi sastrana hungkul; “*analisis komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina kumpulan Carpon (Murang-Maring jeung Serat Sartawasatwa) jeung novél (Sandékala jeung Déng) karangan Godi Suwarna*” ku Ari Andriansyah taun 2010 medar sosiologi sastra dina sababaraha objék; “*kajian Sosiologi Sastra kana Kumpulan Carpon Oknum karangan Hadi AKS pikeun bahan pangajran Apresiasi sastra di SMA*” ku Tika Yunita taun 2011 medar sosiologi sastra dina carpon anu dilarapkeun kana bahan pangajaran Apresiasi Sastra di SMA.

Nu ngabedakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta panalungtik ngaguar novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono. Salian ti éta panalungtik ngaguar struktur caritana (tema, fakta, jeung sarana carita) jeung fungsi sosial sastra anu tuluy di larapkeun kana bahan pangajaran maca di kelas IX SMP. Novél ieu euyeub pisan ajén sosialna keur barudak nu digambarkeun ku paripolah, paguneman, jeung pikiran-pikiran tokohna. Ieu panalungtikan dijudulan “Novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono pikeun bahan pangajaran di SMP kelas IX” (Ulikan Struktural jeung Soiologi Sastra).

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta;

1. kumaha struktur (fakta carita, alur, latar, tema) dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono?
2. kumaha aspek fungsi sosial anu nyampak dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono?
3. kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran maca di kelas IX SMP?

## 1.3 Tujuan Panlungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh novél *Ochank* anu hasilna dipatalikeun jeung alternatif pikeun bahan pangajaran maca di kelas IX SMP.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtilan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun;

1. unsur struktur dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono.
2. fungsi sosial dina novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono.
3. larapna hasil panalungtikan ngeunaan novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di kelas IX SMP.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Teoritis

Sacara teoritis, ieu panalugtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan strukturalisme jeung fungsi sosial.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis anu dipiharep dina ieu panalungtikan nyaéta;

1. pikeun alternatif bahan pangajaran di sakola, hususna keur tingkat SMP/MTS.
2. pikeun anu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan analisis struktural jeung fungsi sosial.
3. pikeun ngarojong tarékah maca novél *Ochank*.
4. pikeun masarakat bisa ngaronjatkeun pangresep kana karya sastra hususna novél ngaliwatan analisis struktural jeung fungsi sosial.

## 1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori nu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab bakal dipedar leuwih jero ngeunaan novél, unsur struktural novél (fakta carita, alur, latar, téma), fungsi sosial sastra, sarta bakal dipedar ogé ngeunaan bahan pangajaran utamana bahan pangajaran maca di SMP.

BAB III Metode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dipedar ogé ngeunaan desain panalungtikan, téknik panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, sarta léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan, eusina medar ngeunaan analisis struktural jeung fungsi sosial sastra novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono anu dipatalikeun jeung alternatif bahan pangajaran maca di SMP kelas IX.

BAB V Kacindekan jeung Saran.